Q-50

*Qaraqalpaq xalıq ertegi*

# ASH QASQÍR



UDK: 398.21.(575.172)
BBK: 5.Qar
Q-50

Qaraqalpaq xalıq ertegi.
**ASH QASQÍR.** — Nókis: «Qaraqalpaqstan» baspası, 2016-jıl, 24 bet.

Qaraqalpaq xalıq ertegi «Ash qasqır» jas kitap oqıwshılarına jaman niyetliniń jazalanbay qalmaytuǵınlıǵın uqtıradı, oqıwshılardı tapqırlıqqa, doslıqqa, jaqsılıqqa shaqıradı.

ISBN 978-9943-4732-3-2

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 87927
T19

**© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2016-j.**
**© Qaraqalpaq xalıq ertegi, 2016-j.**



Burıńǵı ótken zamanda bir ash Qasqır toǵay aralap kiyatırıp, otlap júrgen Eshkini kóredi. Ash Qasqır Eshkini jemekshi boladı.





Eshki: — Qasqır jora, meniń bir ónerim bar, saǵan sonı kórseteyin, sen jemey toqtap tur, — deydi.



— Ne ónerin bar? — deydi Qasqır.

— Men kóshkenlerdiń kóshin baslayman. Eger sen meni jeseń, kóshkenler seni óltiredi, onnanda, mına jerde bir Qoy júripti, sen sonı je, — deydi Eshki.



Ash Qasqır Eshkini qoya berip, tilin salaqlatıp Qoyǵa jetip keledi, Qoy menen sóylespesten jeyjaq bolıp atırǵanda Qoy aytadı:





— Meni jeme, men xannıń dárwazında oynayman. Meni jeseń seniń mıń janıńnan bir janıńdı qoymaydı. Xan óltiredi. Meni jegenshe, hesh kimge belgisiz bir at júr, sonı je, — deydi.



Qasqır qoydı da taslap, Atqa baradı. Attı jeyin dep atırǵanda:

— Meni jeme, meniń artqı tuyaǵımda xat bar, sol xattı oqıp bolıp je, — deydi At.



Qasqırǵa bul maqul túsedi.

— Meniń qasıma jaqın kel, xattı dárhal oqıp almasań, tuyaqtıń ishine sińip ketedi, — deydi At.





Qasqır attıń artqı tuyaǵına úńilip turǵan waqıtta At tewip jiberip, basın qaq bóledi.





Qasqır óleyin dep atırıp, qanına úymelegen ǵarǵalarǵa:





— Áweli keldi Eshki,
Je de jat, maylı góshti,
Nege kerek kóshken kóshi,
Kósh baslawshı bolajaq pa edim.





Onnan soń keldi Qoyım,
Qoydı jede toyın.
Nege kerek dárwaz oyın,
Jıraw bolajaq pa edim, sorım.



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'











Onnan soń keldi At,
Attı je de janında jat,
Nege kerek maǵan ol xat,
Oqıp qazı bolajaq pa edim,

— dep bolıp jan táslim etti.



*Qaraqalpaq xalıq ertegi*

# ASH QASQÍR

*Qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspası*
*No'kis— 2016*

*Redaktor* *G. Pirnazarova*
*Xudojnigi* *E. Xojamuratov*